



Lèt pou moun Kolòs yo

PREMYE KOZE A

Lavil Kolòs

Kolòs se yon vil ki te enpòtan anpil nan rejyon Friji, nan Lazi Minè. Tout moun te konn nonmen non l poutèt gwo faktori twal li te genyen yo. Bò lane 62 apre Jezi Kri, yon tranblemantè te detwi Kolòs ansanm ak yon lòt vil ki te rele Lawodise. Yo te rebati Lawodise, men Kolòs pa t jwenn menm chans sa a. Li te kòmanse bese piti piti.

Se Grèk sitou ki te abite Kolòs. Te gen yon gwo koloni Jwif tou ki te gen 11.000 moun konsa. Nou konnen kantite moun ki te nan kominote sa a grasa enfòmasyon nou jwenn nan yon dokiman Women yo te ekri, kote yo di konbyen taks yo te touche nan men Jwif ki te nan koloni sa a.

Kominote kretyen Kolòs la

Li ta posib se Epafras ki te fonde kominote Kolòs la (Kol 1,7 ; 4,12) epi ki te ale preche Bon Nouvèl Jezi Kri a ni Kolòs, ni Lawodise. Pi fò moun ki te fè pati kominote a se moun ki sòti nan peyi etranje (Kol 1,21.27 ; 2,13), men te gen Jwif ladan tou.

Ki moun ki ekri lèt sa a ?

Depi toutan tout moun te di se Pòl ki te ekri lèt pou moun Kolòs yo. Men depi mitan dizivyèm syèk la, gen moun ki kòmanse di se pa Pòl ki te ekri l, men youn nan patizan l yo. Rezon ki fè yo di sa se fason lèt sa a ekri : nou pa jwenn menm kout plim nou jwenn nan lèt lèt Pòl yo epi nou jwenn yon seri lide teyoloji tounèf ki pa fè pati sa Pòl konn montre lèt Legliz yo, epitou lèt sa a sèvi ak yon vokabilè byen espesyal. Men ak tou sa anpil save Bib jodi a toujou kwè li posib se Pòl ki te ekri lèt pou moun Kolòs yo. Si se Pòl li menm ki te ekri lèt sa a, sa ta kapab fèt ant lane 61 ak 63 konsa, premye fwa li te nan prizon Wòm lan.

Poukisa yo te ekri l :

Nan epòk yo te ekri lèt sa a, te gen yon fo doktrin ki te kòmanse gaye toupatou epi ki te menase lafwa kominote kretyen an. Poutèt sa li te bay kretyen yo yon avètisman sou fo doktrin sa yo. Te gen kèk Jwif ki te antre nan kilti grèk la, nan yon kouran panse yo rele «*nostisis*» ki filozofi lelit yo. Te gen lòt ki te antre nan kouran filozofi pi popilè yo rele «*estoyisis*» la. Epitou, te gen kèk relijyon «*plan sekrè*» tou ki te kòmanse menase detwi lafwa kretyen yo. Konsa te gen yon melanj ant relijyon Jwif yo, relijyon moun etranje yo ak kèk filozofi grèk.

Kòm dapre nou se Pòl ki te ekri lèt sa a, li vle pou tout kretyen yo kenbe fèm nan lafwa yo nan Jezi Kri. Poutèt sa, li ba yo anpil konsèy pou yo kapab fè sa. Nan lapriyè pou kòmanse lèt la, li pa pale sou fo doktrin yo, men li fè sonje sa ki nannan lafwa kretyen an : lafwa, lespwa, renmen, tout bon zèv yon kretyen dwe fè, epitou bon konprann, pasyans ak kè kontan bon kretyen an dwe genyen lakay li.

Kilè ak ki kote yo te ekri lèt sa a :

Li posib pou yo ta ekri l menm kote ak yon ti tan anvan yo te ekri lèt pou moun Efèz yo, sa vle di nan vil Wòm ant lane 61 ak 63.

Rapò ki genyen ant lèt pou moun Kolòs yo ak lèt pou moun Efèz yo :

Gen plizyè bagay ki fè 2 lèt sa yo sanble anpil. Men sa ki te ekri an premye, se lèt pou moun Kolòs yo. Se apre li yo te ekri lèt pou moun Efèz yo. Moun ki ekri lèt pou moun Efèz yo te sèvi ak lèt pou moun Kolòs yo, men li te adapte mesaj la pou pèmèt kominote kretyen yo, ki t ap viv lòt kalite pwoblèm kèk lane pi ta, konprann li. Mesaj sou rapò Jezi Kri ak Legliz la se youn nan gwo lide lèt sa a.

Men chapant lèt pou moun Kolòs yo :

- 1,1-2 : Bonjour
- 1,3-8 : Li di Bondye mèsè
- 1,9-12 : Lapriyè
- 1,13-20 : Ochan pou Jezi Kri
- 1,21-22 : Jezi Kri se Tèt Legliz la
- 1,23 : Fòk yo kenbe fèm nan lafwa nan Jezi Kri Pòl te anonse a
- 1,24-2,3 : Batay Pòl te mennen pou anonse Bon Nouvèl la
- 2,4-23 : Pinga pou fo predikatè yo ; pinga pou fo doktrin yo
- 3,1-17 : Fason pou kretyen yo kenbe fèm nan lafwa
- 3,18-4,1 : Konsèy pou moun yo viv lavi kretyen an
- 4,2-6 : Se pou nou viv nan lapriyè ak bon konprann
- 4,7-18 : Li nonmen non tout kolaboratè Pòl yo nan Bon Nouvèl la

Bonjou

^{1Kor 1,1} **1** Pòl, Apot Jezi Kri grasa volonte Bondye, ak Timote frè a, ²pou frè yo ki Kolòs, ki sen yo e ki kwè nan Kris la : Favè pou nou ak kè poze ki sòti nan ^{Ef1,15} Bondye Papa nou an. ³Se toutan nou di Bondye, Papa Granmèt nou an Jezi Kri, mèsì, lè nou lapriyè pou nou, moun Kolòs yo. ⁴Nou tandè jan nou gen lafwa nan Jezi Kri epi renmen nou genyen pou tout moun ki sen yo, ⁵grasa lespwa ki sere pou nou nan syèl la : lespwa sa a nou te tandè pale sou li nan Pawòl laverite a, nan Bon Nouvèl la, ⁶ki rive lakay nou. Se konsa tou li rive sou tout tè a, l ap donnen epi l ap devlope. Se menm jan sa rive lakay nou tou, moun Kolòs yo, depi nou te tandè favè Bondye a nan tout verite l epi nou te konprann li. ⁷Se konsa tou nou te aprann nan men Epafras nou renmen an, e k ap travay ansanm ak nou bò isit la. Li se yon fran sèvitè Kris la pou nou, moun Kolòs yo. ⁸Epi se li menm ki fè nou konnen renmen nou menm, moun Kolòs yo, genyen nan Lespri a. ⁹Poutèt sa nou menm tou, depi jou nou tandè sa, nou pa janm bouke lapriyè pou nou. Nou mande pou li fè nou rive konnen sa li vle ak tout kalite bon konprann epi ak konesans Lespri a bay. ¹⁰Konsa n a mache

^{1Pyè 1,3}

^{4,12; Flm 1,23}

^{1Tes 2,12}

jan Granmèt la vle, nan chèche fè l plezi nan tout bagay, nan donnen nan tou sa n ap fè ki bon epi nan grandi nan konesans Bondye a. ¹¹N a gen anpil fòs, grasa pisans glwa li a, pou nou sipòte ak anpil pasyans. Ak kè kontan, ¹²nou di Bondye Papa a mèsì, moun Kolòs yo, li menm ki fè nou merite pòsyon eritaj sen yo, nan limyè a.

^{1Pyè 2,9; T Ap 26,18; Dlw 33,3; Saj 5,5}

Ochan pou Jezi Kri

¹³Li delivre nou anba pouvwa fènwa a epi li fè nou janbe nan Peyi kote Pitit li renmen an Wa a. ¹⁴Nan li nou jwenn delivrans ak padon pou peche. ¹⁵Li tèt koupe ak Bondye yo pa kapab wè a, premye pitit nan tout sa li kreye, ¹⁶paske se nan li tout bagay te kreye nan syèl la ak sou tè a, ni sa yo wè, ni sa yo pa kapab wè, sa ki sou fotèy, sa ki mè, sa ki chèf, sa ki otorite, tout bagay kreye grasa li, epi pou li. ¹⁷Li anvan tout bagay epi tout bagay kenbe kò yo nan li. ¹⁸Li menm li se tèt kò a, Legliz la. Li se kòmansman an, premye pitit pami mò yo, pou li te kapab premye nan tout bagay. ¹⁹Paske Bondye te kontan fè tou sa li menm ye a rete anndan li. ²⁰Li te vle tout bagay vin byen ansanm grasa li, epi pou li, li fè ni sa ki sou tè a, ni sa ki nan syèl viv nan lapè poutèt san kwa li a.

^{Ef 1,7; Wm 3,24}

^{Jn 1,1; Saj 7,26; Jen 1,26; Pwv 8,22; 2Kor 4,4; Flp 2,6; Eb 1,3; 1,6; Jn 1,3; Eb 1,2; 1Kor 8,6}

^{Wm 8,29}

^{Jn 8,58}

^{Ef 1,22; 4,15; 5,23}

^{2,9; Ef 1,23; Jn 1,16; Ef 1,10; Wm 5,10; 2Kor 5,18; Ef 2,14}

1,1-2: Anndan yon kominote kreyen, moun yo dwe viv tankou yon fanmi, kote tout moun se frè ak sè yo ye, paske yo tout gen Bondye kòm Papa tankou Jezi Kri.

1,3-4: Se avèk twa fòs sa yo, lafwa, lesperans ak renmen, nou mache anndan Legliz la ak anndan lavi nou. Lavi kreyen an sòti nan angajman pou Jezi nan lafwa. Sa vle di nou akseptè Jezi nan lavi nou epi nou kontinye chemen li a nan mitan moun yo. Renmen se sèl fason nou genyen pou nou montre n ap suiv Jezi toutbon vre. Se konsa n ap fè Gouvènman Bondye a grandi chak jou nan mitan nou. Kenbe lespwa sitou nan sa Bondye sere pou nou nan lavi ki pa janm fini an, se avalwa Peyi kote Bondye Wa a, kote n ap jwenn piyay lavi nan men Bondye.

1,5-8: Epafras se yon misyonè Levanjil la, menmsi li pa t viv nan tan Jezi. Li pa t konnen Jezi. Se li ki te fonde kominote Kolòs la, epi se li menm ki te preche yo Pawòl laverite Levanjil la.

1,9-12: Vèsè sa yo mande pou kreyen Kolòs yo chèche konprann lavi yo t ap mennen an byen : Bondye te montre volonte l nan Jezi Kri, nan sa li ye, nan sa li viv, nan sa li te di, nan sa li te fè. Sa Bondye vle, se sa Jezi te fè. Lè nou konnen volonte Bondye dapre sa Jezi te fè, nou gen yon konesans ak yon bon konprann ki pèmèt nou genyen yon konsyans kritik devan tout sa ki pase nan listwa ak nan lavi nou menm. Se konesans sa a ki ban nou fòs pou nou ka reziste devan tout soufrans ki nan lavi nou jodi a. Se sa li rele : sipòte ak anpil pasyans (v. 11).

1,13-20: Li posib pou vèsè sa yo ta yon chan yo te konn chante nan seremoni batèm. Se yon ochan pou Jezi Kri ki sèl pon nou genyen ant tè a ak syèl la. Jezi se tankou potomitan ki mare syèl la ak tè a. Pa gen lòt entèmedyè ant moun ak Bondye. Lontan lontan te gen kèk filozofi ki te fè moun yo kwè yo anba pouvwa divès lespri ki rete ant syèl la ak tè a. Yo te konn di lespri sa

Legliz se kò Kris la pou pèp etranje yo tou

Ef 4,18; 2,1 ²¹ Epi nou menm, yon lè ki te etranje epi ki te lènmi nan sa nou panse ak nan move zèv, ²² kounye a li rekonsilye nou ak li nan kò moun li a, poutèt mouri li mouri a, pou li fè nou parèt devan l sen, san defo, san repwòch; ²³ men tou, si nou kenbe fèm nan lafwa, sou fondasyon solid, san nou pa deplase kite lespwa Bon Nouvèl nou te tande a, sa yo te preche bay tout kreyati anba syèl la, epi mwen menm Pòl vin tounen sèvitè li a. ²⁴ Kounye a, se pa ti kontan mwen kontan nan soufrans m ap sipòte pou nou epi m ap mete sa ki manke nan tray Kris la nan kò mwen pou kò l ki Legliz la. ²⁵ Mwen tounen sèvitè li dapre òganizasyon plan travay Bondye ban mwen pou nou menm, moun Kolòs yo, reyalize Pawòl Bondye a, ²⁶ sa vle di sekrè ki te toujou kache depi toutan anvan jenerasyon yo, men kounye a, li fè yo parèt aklè pou moun li yo ki sen. ²⁷ Bondye vle fè yo konnen richès glwa sekrè sa a nan mitan pèp etranje yo: se Kris la nan mitan nou, moun Kolòs yo, lespwa nou ak glwa nou. ²⁸ Se li nou menm nou

Ef 4,18; 2,1
Ef 5,21
1Kor 15,58; Mk 16,15; 1Tm 3,16
T Ap 9,16; 2Kor 4,10
2Kor 3,6
Mk 13,10; T Ap 20,24; Ef 3,3; Wm 16,25
Ef 1,18; Wm 5,2; 8,19

anonse a antan m ap avèti tout moun, n ap montre tout moun anpil bagay ak tout bon konprann pou nou kapab fè tout moun kanpe an fòm nèt nan Kris la. ²⁹ Se pou sa m ap redi travay antan m ap goumen dapre fòs Sila k ap travay nan mwen ak pisans.

Fip 4,13; Ef 3,7

2 ¹ Reyèlman vre, mwen vle nou konnen ki gwo batay m ap mennen pou nou, pou moun Lawodise yo ak divès lòt moun ki pa janm wè figi mwen, ² pou kè yo konsole, pou yo fè youn nan renmen epi pou yo rive nan tout richès dènye limit entelijans la ki va fè yo konnen sekrè Bondye a, Kris la. ³ Se nan li tout trezò bon konprann nan ak konesans lan kache. ⁴ Mwen di bagay sa yo pou pèsonn moun pa vire lòlòj nou ak bèl pawòl. ⁵ Se vre mwen pa la ak kò mwen, men lespri mwen nan mitan nou. Mwen kontan wè jan nou gen lòd ak jan lafwa nou fèm nan Kris la.

Ap 1,11

Is 45,3

1Kor 5,3

Yon moun ki batize ap viv nan Kris la

⁶ Konsa kontinye mache nan Kris la, Jezi Kri Granmèt la, jan nou te resevwa l la, ⁷ antan nou plonje rasin nou nan li epi nou byen bati sou li. Kenbe fèm

yo te anpeche moun kominike ak Bondye. Lèt sa a di nou, tout lespri sa yo pa anyen devan Jezi Kri ki sèl chèf ni sa nou wè ni sa nou pa wè.

Si nou gen Jezi Kri, nou pa bezwen pèsonn vin montre nou kijan pou nou sove. Jezi Kri se sèl entèmedyè nou genyen ant Bondye ak tou sa Bondye kreye. Se li sèl ki te rekonsilye nou ak Bondye, lè li te mouri sou kwa. Renmen ki te fè li bay lavi li sou kwa pou nou an te efase tout peche nou yo.

1,18-21: Ak Jezi Kri ki te fè volonte li nèt, Bondye te kòmanse yon kreyasyon tounèf. Li se Adan tounèf la, premye moun ki te fèt nan kreyasyon tounèf sa a. Konsa tou, nou kapab tounen moun tounèf nan Jezi Kri ki fè tout sa Bondye te kreye, ni moun, ni tou sa ki sou tè a, tounen vin jwenn Bondye. Jezi Kri te fè tout kreyasyon an jwenn lapè ak Bondye. Lapè antre sou tè a ak Jezi Kri ki mouri sou kwa a, ki te fè Bondye Papa a padonnen peche nou yo.

1,21-23: Lontan moun Kolòs yo te tankou moun ki etranje nan pèp Bondye a, men depi yo kwè nan Jezi Kri, yo tout te antre nan lavi tounèf Jezi pote pou nou tout la. Sèl kondisyon pou yo

tounen moun tounèf la se kenbe fèm nan Bon Nouvèl Jezi Kri a. Yo pa dwe kite nenpòt sa moun ap montre, ni nenpòt sa moun kwè detounen yo, pou y al chèche lòt bagay pase sa yo jwenn nan Bon Nouvèl Jezi Kri a.

1,24-29: Tout soufrans apot yo te sibi nan travay pou yo fè Levanjil la gaye toupatou, se prèv yo t ap anonse Bon Nouvèl la toutbon vre. Lè pèp etranje yo antre nan kominote kreyen yo, Bondye montre volonte li epi li montre bèl pwojè lavi li genyen an se pa sèlman pou pèp Jwif la, se pou tout moun ki sou latè beni. Bondye vle pou moun pèp etranje yo jwenn sa ki pou yo nan delivrans Jezi Kri a.

2,1-5: Kreyen yo dwe vin pi dyanm nan lafwa ak nan renmen, konsa yo pral rive konnen bon konprann ak konesans Jezi Kri genyen. Si yo kenbe fèm nan lafwa, y ap gen rezistans devan nenpòt ki bagay ki ta vle fè yo fè bak nan chemen Jezi Kri apot yo te anonse nan Bon Nouvèl la, epi yo menm yo te aksepte nan batèm nan.

2,6-8: Menm jan yon pyebwa gen rasin li nan tè a ki pèmèt li pran nouriti tè a, kreyen yo dwe pouse rasin nan Jezi Kri pou nourri lafwa yo. Yon

nan lafwa jan yo te montre nou an, antan n ap di mèsi san limit. ⁸Veye pou pèsonn pa pran nou nan pèlen ak gwo pawòl filozòf epi fent san valè jan moun abitye fè, dapre prensip wòwòt tè a men pa dapre Kris la, ⁹paske tou sa ki fè Bondye abite nan li, nan yon kò. ¹⁰Nan li nou fin plen nèt tou, li menm ki chèf tout chèf ak tout otorite. ¹¹Se nan li tou yo fè sikonsizyon pou nou, se pa sikonsizyon yo fè ak men ki koupe ti mòso nan kò a, men se sikonsizyon Kris la. ¹²Nou te antere ak li nan beny batèm nan, nan li tou nou leve byen vivan ansanm ak li, grasa lafwa nan travay Bondye ki leve l byen vivan sòti pami mò yo. ¹³Nou menm, moun Kolòs yo, nou te mouri pou peche nou yo ak pou kò nou, yo pa t fè sikonsizyon pou li a, Kris la fè nou reviv ak li, li padonnen nou tout peche nou yo. ¹⁴Li efase sa yo te ekri pou kondane nou an, ki te kont enterè nou an, li wete l sòti nan mitan nou nan kloure li kloure l sou kwa a. ¹⁵Li dezabiye tout chèf, tout otorite, li montre yo anpiblik, li mennen yo ak li nan pwosasyon viktwa li ranpòte nan li menm sou yo a. ¹⁶Konsa pa kite pèsonn jije nou sou afè

Ef 5,6; 2Tm 4,3; Mt15,6; Gal4,3
1,16; Jn 1,14; Ef 1,21
Flp 3,3; Wm 2,25; Jer 4,4
Wm 6,4; 10,9; Ef 2,6
Ef 2,15; 1Pyè 3,22
2Kor 2,14
Wm 14; 1Kor 8,8; Gal4,10

manje ak bwason, oubyen sou afè fèt, nouvèl lin, oubyen saba. ¹⁷Tout bagay sa yo se lonbray sa ki dwe rive a, kò Kris la. ¹⁸Pa kite pèsonn pran rekonpans nou nan men nou, antan li vle pran pòz li fè kò l piti epi l ap fè sèvis zanj yo. Se vizyon moun ki nan rèv, tèt yo gonfle ak lide kò a. ¹⁹Li pa kenbe tèt la, kote tout kò a, ki jwenn nouriti e fè youn grasa jwenti ak vlen yo, ap grandi jan Bondye vle a. ²⁰Si nou mouri ansanm ak Kris la sòti anba prensip wòwòt tè a, poukisa atò nou kite yo pran tèt nou ak kèk prensip kòm si se sou tè a n ap viv? ²¹Pa pran sa a, pa goute sa a, pa manyen! ²²Tou sa se bagay ki gen pou fini lè yo sèvi ak yo. Se lòd ak prensip moun yo ye. ²³Se vre bagay sa yo sanble yo chita sou bon konprann relijyon an, nan fè kò yo piti, nan kontwòle kò a, men yo pa gen okenn valè devan radiyès kò a.

Eb 8,5; 10,1; Mt11,13
1Kor 8,1
Ef 4,15
1Kor 6,13
Mt15,9; Is 29,13

Konpòtman tounèf nan Kris la

3 ¹Konsa, si nou leve byen vivan ansanm ak Kris la, chèche bagay ki anwo, kote Kris la chita adwat Bondye. ²Mete lide nou sou bagay ki anwo yo, se pa sa ki sou tè a. ³Reyèlman vre,

Mt6,20; Flp 3,20; Jn 3,1

kreyen dwe toujou veyatif pou l pa kite vye lide anpeche l konnen pi byen ki moun Jezi ye, epi ki sa li te fè. Menm jan yon kay gen fondasyon li nan tè, kreyen an bati lavi li sou Jezi Kri menm.

2,9-15 : Jezi ki te leve byen vivan an gen lavi Bondye a nèt, se nan li n ap jwenn tout sa nou bezwen pou nou konnen kilès Bondye ye. Jezi se sèl chèf ki alatèt tout lòt pouwa, ni sa nou wè yo, ni sa nou pa wè yo. Batèm nan, ki te ranplase sikonsizyon an, mennen nou lakay Jezi Kri pou nou patisipe nan lanmò ak nan leve byen vivan an li a. Sa vle di batèm nan mennen nou nan Fèt Pak la, nan sòti kite lanmò pou nou antre nan lavi. E tout sa nan Kris la.

2,13-15 : Vèsè sa yo fè kreyen yo sonje yon lòt chan litiji yo konn chante pou yo selebre viktwa Jezi Kri a sou lanmò. Atravè lanmò Jezi sou kwa, Bondye te efase tout peche moun te fè yo. Nan kwa Jezi Kri a, Bondye te mete tout move lespri yo ki te kapab mete moun nan esklavaj anba pye Jezi Kri. Poutèt sa, kounye a, kreyen yo gen libete epi yo pa dwe kite nenpòt ki bagay mete yo nan esklavaj ankò. Kreyen yo pa bezwen pè. Yo gen yon sòvè ki pi fò pase tout fòs

fènwa yo. Se devan Kris la sèlman yo dwe soumèt tèt yo.

2,16-23 : Bondye te sove nou nan Jezi Kri, e se sa ki fè nou vin moun ki gen libète. Tout bagay, tout manje, la pou kreyen sèvi ak yo avèk libète. Yo pa gen okenn pouwa ni pou sove moun, ni pou detwi moun. Menm jan tout fèt yo te konn fè pou zetwal yo ak solèy la, pa gen okenn pouwa ni pou yo sove moun, ni pou yo detwi moun. Nou pa bezwen pè. Depi nou konnen se Jezi Kri sèl ki kapab sove nou, tout lòt bagay pran plas yo. Yo pa Bondye. Yo pa kapab sove nou, yo pa kapab detwi nou nèt. Se konsa kreyen an tounen yon moun ki lib devan tout fòs lanati ak tout fòs fènwa ki anndan listwa moun ki sou tè a.

3,1-4 : Apot la pa meprize reyalite ki sou tè a, okontrè, li mete li nan plas li. Tout bagay dwe sèvi pou lavi moun, men yo pa dwe mete moun nan esklavaj. Chèche sa ki anwo nan syèl la, se chèche lavi tounèf Jezi Kri pote ban nou an. Kreyen an deja antre nan sekrè lavi Bondye a avèk Jezi. Patipasyon sa a nan lavi Bondye a dwe grandi epi dwe montre fòs li nan lavi moun.

nou mouri epi lavi nou kache ansanm ak Kris la nan Bondye. ⁴Lè Kris la ki lavi nou, va parèt, lè sa a nou menm tou, n a parèt ansanm ak li nan glwa. ⁵Konsa touye manm nou ki pou tè a : vye dezòd, malpwòpte, libètinaj, vye lanvi ak renmen lajan twòp ki sèvis zidòl. ⁶Se sa ki rale kòlè Bondye sou pitit k ap fè rebèl ak li yo. ⁷Nou menm tou yon lè nou te mache ladan, lè nou t ap viv nan bagay sa yo. ⁸Men kounye a, nou menm tou, lage tout bagay sa yo : kòlè, move san, mechanste, joure, gwo mo ki sòti nan bouch nou. ⁹Pinga youn bay lòt manti antan nou wete moun lontan an ansanm ak vye abitud li yo nan nou. ¹⁰Epi nou abiye ak moun nouvo a, sa ki refè tounèf la k ap mennen nou nan konesans dapre pòtre Sila a ki kreye l la, ¹¹kote ki pa gen Grèk, ak Jwif, sikonsizyon ak pa sikonsizyon, sovaj, moun peyi Sit, esklav, moun ki an libète yo, men sèl Kris la, li tout e li nan tout bagay. ¹²Konsa, tankou moun Bondye chwazi, ki sen e li renmen, abiye nou ak kè sansib, bon jan, fè kò nou piti, rete dou, pran pasyans, ¹³antan youn sipòte lòt, antan youn fè lòt gras si youn gen repwòch pou l fè lòt la : menm jan Granmèt la te fè nou gras la, konsa nou menm tou. ¹⁴Epi anwo

tout bagay sa yo, se renmen an, ne ki mare sa ki anfòm nèt la. ¹⁵Se pou kè poze Kris la fè kontwòl nan kè nou. Nan li tou yo te rele nou ladan fè yon sèl kò. Tounen moun ki konn di mèsi. ¹⁶Se pou Pawòl Kris la abite nan nou ak tout richès li, antan youn ap montre lòt anpil bagay ak bon konprann epi youn ap korije lòt, ak sòm, ochan, kantik Lespri a fè nou kado antan n ap chante pou Bondye nan kè nou. ¹⁷Tou sa nou ta gen pou nou di oubyen pou nou fè, fè l nan non Jezi Granmèt la, antan n ap di Bondye Papa a mèsi poutèt li.

Kijan nou dwe viv nan fanmi yo

¹⁸Medam yo, mete nou sou zòd mari nou jan sa dwe fèt devan Granmèt la. ¹⁹Mari yo, renmen madanm nou, pinga nou dezagreyab ak yo. ²⁰Timoun yo, obeyi paran nou nan tout bagay. Reyèlman vre, se sa ki fè Granmèt la plezi. ²¹Papa yo, pinga nou vekse pitit nou pou yo pa vin egare. ²²Esklav yo, obeyi mèt nou ki sou tè sa a nan tout bagay, pa pou fè wè, tankou pou fè moun plezi, men pito ak yon kè senp antan nou gen krentif pou Granmèt la. ²³Nenpòt sa n ap fè, fè l ak tout nanm nou kòm pou Granmèt la, men pa pou moun, ²⁴antan nou byen konnen se

Yon kretyen montre li viv lavi tounèf li genyen nan Jezi Kri a, lè li travay pou lavi donnen nan mitan moun yo. Poutèt sa, kretyen an genyen bon konprann ki pèmèt li gade reyalyte a, epi ki pèmèt li fè diferans ant sa ki bon ak sa ki pa bon pou lavi moun. Konsa, li kapab fè diferans ant sa ki fè Gouvènman Bondye a grandi ak sa ki anpeche Gouvènman Bondye a boujounen nan listwa moun sou tè a.

3,5-17 : Batèm fè kretyen an viv yon chanjman total kapital. Li pa genyen vye abitud kowonpi yo ankò; li pa nan peche ankò. Li kòmanse viv lavi tounèf la. Li se youn moun tounèf, youn moun Bondye fèk fè, ki sòti nan Jezi Kri. Anndan kominote kretyen an, nou pa ka aksepte okenn divizyon ni akòz ras yo, ni kilti yo, ni klas sosyal yo. Tout moun se moun e tout moun gen dwa jwenn pòsyon pa l nan Jezi Kri. Chanjman sa a dwe touche lavi chak moun : se pou nou sispann anvè richès yo, ki tankou yon sèvis zidòl, sispann bay manti, sispann egoyis ki fè nou chak chèche pwòp enterè nou, epi se pou nou kòmanse tra-

vay pou rann sèvis, pou fè rekonsilyasyon, ak chèche fè sa ki nan enterè tout moun.

3,18-25 : Si nou fè tout bagay onon Jezi Granmèt nou an, fòk nou tout chèche sa ki bon pou tout moun. Nou pa nan patipri, nou pa fè diferans ant moun ak moun. Tout moun dwe fè sa ki bon, sa ki kòrèk. Konpòtman kretyen an pa sòti nan Lalwa, li sòti nan renmen youn pou lòt. Si youn madanm dwe respekte mari li, mari a dwe renmen l tankou li renmen pwòp tèt pa l. Si se pa konsa, pa gen renmen toutbon. Si pitit yo dwe respekte papa yo, papa a dwe respekte pitit li yo tou. Nou pa dwe bliye lèt sa a ekri nan yon epòk ak nan yon sosyete kote tout moun wè papa a kòm sèl kòk chante, epi yo wè fanm yo kòm moun ki pa gen menm valè avèk gason. Lèt sa a montre se nou tout ki dwe tounen moun tounèf, ki respekte tout moun. Menmsi nan lèt sa a nou pa jwenn yo te konbat esklavaj la sèlman li ban nou yon prensip klè pou sosyete a chanje nèt : se pou youn respekte lòt, paske nou tout egalego. Nou tout gen yon sèl Mèt ki nan

nan men Granmèt la n ap jwenn rekonpans eritaj la. Se Kris Granmèt la pou nou sèvi. ²⁵Reyèlman vre, moun ki fè lenjistis ap resevwa sa li te fè ki mal la, epi p ap gen moun pa.

4¹Nou menm, mèt yo, bay esklav yo sa ki kòrèk ak sa yo merite, antan nou konnen nou menm tou nou gen yon Mèt nan syèl la. ²Kenbe fèm nan lapriyè, epi rete je klè ladan l antan n ap di mèsi. ³An menm tan tou lapriyè pou nou, pou Bondye louvri pòt Pawòl la e pou nou anonse sekrè Kris la. Se poutèt li mwen anba kòd, ⁴pou mwen fè konnen l aklè, jan mwen dwe pale a. ⁵Pwofite moman an, mache kòrèk devan moun deyò yo. ⁶Se pou pawòl nou toujou pawòl moun byen elve, men ki sizonnen ak sèl. Konnen kijan nou dwe reponn chak moun.

Denye pawòl

⁷Kanta pou nouvèl pa m, Tikikòs, frè mwen renmen an, sèvitè serye k ap sèvi Granmèt la ak mwen an, ap fè nou konnen tout bagay. ⁸Se pou sa menm, mwen voye l kote nou, pou nou kapab gen nouvèl mwen epi pou li ankouraje nou, ⁹ansanm ak Onezim, frè serye mwen renmen an, ki moun menm kote ak nou, moun Kolòs yo: y ap fè nou

syèl la, sa vle di sou tè a nou tout egalego (Gade 4,1). Sou tè sa a, nou envite n al gade komantè sou lèt Filemon an.

4,2-6: Se pou nou lapriyè pou tout moun, sitou pou moun k ap preche Pawòl Bondye a, pou yo jwenn mwayen pou fè Pawòl la rive lakay tout moun. Epi li mande nou pou nou trete tout moun ak «sèl», sa vle di ak jantiyès mele ak lespri. Nan sosyete Kolòs la te genyen divès kwayans ak divès prèch moun ki pa t annan kominote yo te konn fè, ki t ap menase lafwa kretyen yo. Poutèt sa, kretyen yo dwe defann lafwa yo te resevwa a pou yo pa janm defòme l.

4,7-18: Tikikòs se moun ki te pote lèt sa a nan kominote Kolòs la menm jan li te pote lèt pou moun Efèz yo (Efèz 6,21). Onezim se ansyen esklav lakay Filemon (Lèt pou Filemon). Aristak, nèg Tesalonik la, (Travay 20,4) te kanmarad Pòl nan prizon. Mak se te yon kanmarad Pòl ak

konnen tou sa k ap pase bò isit la.

¹⁰Aristak, ki nan prizon ak mwen, voye bonjou pou nou. Mak tou, kouzen Banabe a. Nou te jwenn lòd deja, si l vin lakay nou, resevwa l byen. ¹¹Jezi, yo bay ti non Youstòs la, voye bonjou pou nou tou. Nan moun yo fè sikonsizyon pou yo a, se yo menm sèl k ap travay ak mwen pou peyi kote Bondye Wa a. Se pa ti konsòle yo konsòle m. ¹²Epafras, ki moun lakay nou tou, salye nou. Li se yon sèvitè Jezi Kri ki toujou ap goumen pou nou nan lapriyè, pou nou kanpe anfòm nèt, pou nou fin dakò nèt ak tou sa Bondye vle. ¹³Reyèlman vre, mwen kapab sèvi l temwen, se pa de ti fatig li bay kò l pou nou menm, moun Kolòs yo, pou moun Lawodise ak moun Yerapolis yo. ¹⁴Lik, doktè mwen renmen an ak Demas voye bonjou pou nou. ¹⁵Di frè Lawodise yo bonjou ak Nimfas, ansanm ak Legliz ki rasanble lakay li a. ¹⁶Lè nou va fin li lèt sa a lakay nou, fè yon jan pou yo li l nan Legliz Lawodise a tou. Nou menm tou, se pou nou li lèt Legliz Lawodise a lakay nou. ¹⁷Di Achip pou mwen: «Fè atansyon pou sèvis ou te resevwa nan men Granmèt la, ou fè l byen.» ¹⁸Bonjou a se ak pwòp men mwen, mwen menm Pòl mwen ekri l. Sonje mwen anba kòd. Favè a ak nou.

Banabe nan premye wwayaj misyonè yo te fè a. Lèt la pa di ki moun Jezi, moun kòrèk la, ye. Epafras se misyonè Levanjil la ki te fonde kominote Kolòs la. Lik se moun ki te akonpaye Pòl tou epi anpil moun panse se li ki ekri Levanjil ki pote non li a ak liv Travay Apot yo. Nou jwenn Demas nan 2 Timote 4,10. Nou pa konnen ki moun Nimfas ye. Achip se manm kominote Filemon, li ta posib se te pitit Filemon. Kretyen yo te konn li lèt apot yo te ekri voye bay kominote yo nan selebrasyon litiji yo, epi yon kominote te konn voye lèt bay lòt. Lèt pou moun Lawodise yo pèdi.

Menmsi premye kominote yo te piti epi yo pa t pre youn ak lòt, yo te gen bon jan relasyon youn ak lòt. Konsa, yo bay temwayaj yo gen menm Lespri ki gide yo, epi yo pa bezwen gwo òganizasyon pou youn kominike ak lòt. Lespri tèt ansanm ak renmen te fè youn chèche konnen kijan lòt yo ye, pou yo bay yon kout men nan sa yo bezwen.

T Ap
12,12;
2Tm
4,11;
1Pyè
5,13

1,7;
Wm
15,30

2Tm
4,11

1Tes
5,27;
Ap 1,3

Fim 1,2

1Kor
16,2;
Gal6,11